



Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

APRE MENAS RESAN KONT KOMINOTE JWIF AK LGBTQ YO, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE POLIS ETA NEW YORK OGMANTE PWOTEKSYON KONT SIB KRIM RAYISANS YO

Lapolis Eta a monte siveyans nan zòn a risk yo nan repons ak menas lahèn kont kominote juif la nan Vil New York ak fiziyad an mas nan klèb LGBTQ a nan Colorado

Lapolis Eta a ap travay ak NYPD epi l ap kontwole lahèn anliy, Inite Ransèyman Antiteworis la ap kontakte sib potansyèl yo

Videyo Gouvènè Hochul k ap bay remak sou menas rayisans resan yo disponib sou YouTube [isit la](#) ak sou Televizyon Quality (H.264, MP4) Fòma [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Polis Eta New York ap ogmante siveyans ak pwoteksyon pou kominote ki a risk krim rayisans yo, apre yon atak ki te dejwe kont kominote jwif yo nan Vil New York ak yon fiziyad an mas nan yon klèb LGBTQ nan Colorado. Efò sa yo apiye ogmantasyon rekò Gouvènè Hochul la nan finansman pou pwoteje sib krim rayisans yo ak pou konbat ekstremis nasyonal la.

"Mwen te mande Lapolis Eta New York pou ogmante kontwòl epi ogmante sipò pou kominote ki se sib potansyèl krim rayisans yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Isit la nan New York, nou p ap tolere vyolans oswa prejije anvè okenn kominote. Nou kanpe ini kont lahèn — jodi a ak toulejou."

Sipèrentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Lapolis Eta a ap travay nan kowòdinasyon depre ak patnè eta, lokal ak federal nou yo pou kenbe tout kominote nou yo an sekirite kont vyolans. Nou apresye resous ak sipò Gouvènè Hochul pou ede nou akonpli misyon sa."

Sou direksyon Gouvènè Hochul, Lapolis Eta New York ap ogmante kontwòl epi ogmante sipò pou kominote ki se sib potansyèl krim lahèn yo. Lapolis Eta a nan kontak ak NYPD epi l ap kontinye kontwole rezo sosyo pou menas hèn ki ka afekte Nouyòkè yo. Inite Ransèyman Antiteworis (Counter Terrorism Intelligence Unit) Lapolis Eta a ap fè sansibilizasyon nan kominote LGBTQ atravè New York, ansanm ak nan sinagòg ak lòt espas kominote jwif yo nan eta a.

Yè, Polis MTA, Polis Eta a, NYPD ak Gwoup Travay Konjwen kont Teworis (Joint Terrorism Task Force) FBI la te kolabore pou arete de nèg ame nan Estasyon Pennsylvania a nan Manhattan ke yo te akize ki t ap vwayaje ale nan Vil New York ak plan pou koze vyolans nan kominote Jwif la. Resous ki ogmante Gouvènè Hochul bay Lapolis Eta a ak Sant Ransèyman Eta New York la te kontribye nan arestasyon sa yo.

Aprè fiziyad sipremasis blan an nan Buffalo, Gouvènè Hochul te ogmante resous eta yo ki devwe pou konbat ekstremis rayisans ak vyolans. Gouvènè Hochul [te pibliye](#) yon Dekrè Egzekitif ki mande Lapolis Eta New York pou tabli yon inite ki angaje nan Sant Ransèyman Eta New York (New York State Intelligence Center, NYSIC) pou swiv ekstremis nasyonan epi ogmante kontwòl rezo sosyo nan Sant Ransèyman an. Li te travay tou ak lejislati a pou [triple](#) resous ransèyman sou vyolans ak zam eta a lè yo anboche yon ekip analis nan NYSIC ki ka mennen investigasyon sou krim ak zam atravè eta a. Gouvènè Hochul te siyen tou lejislasyon [ki te antre anvigè mwa pase a](#) ki ogmante ranbousman pou viktim ak sivivan ki te pèdi pwopriyete esansyèl pèsone yo oswa ki te domaje akòz krim rayisans oswa lòt krim a 2,500 dola - senk fwa limit anvan an.

Nan kòmansman mwa sa, Gouvènè Hochul [te anonse](#) yon investisman 96 milyon dola pou ranfòse sekirite ak mezi sekirite yo nan òganizasyon kominotè san bi likratif ki arisk kont krim rayisans oswa atak yo akòz ideyoloji, kwayans oswa misyon yo. Gouvènè Hochul te [anonse](#) tou gen 10 milyon dola pou sipòte kreyasyon ekip evalyasyon menas ak jesyon nan konte atravè Eta New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418